



PWOBLÈM TIMOUN YO NAN DOMÈN LEDIKASYON,
BLANDINE EXIL , NSI
OECH



PREMYE EDISYON KONKOU PWEZI
PREMYE LOREYA EGZEKO, SEGONDÈ

*Ledikasyon se zam ki pot yon meyè chanjman.
Avèk li, nou kapab rive dousman.
Lavi nou pa gen sans, san ledikasyon.
Nou kiltive pasyans, menm lè sou do n gen anpil presyon.*

*Leta pa gen otorite pou fè lekòl fonksyone.
Pwofesè pa ka touche, ledikasyon timoun yo ap neye.
An n pran angajman nou anmen, timoun jodi gran moun demen.
Poutan, kouran politik kounye a fè se timoun jodi, bandi demen.*

*Ledikasyon se chenn ki makonnen ak lespwa.
Pandann nan peyi n yo sere l anba dra.
Ledikasyon n andanje, n ap etidye san manje.
Demen, se pral yon gwo pwoblèm pou sosyete.*

*Fè n wè sikolog, twòp bouraj kràn.
An n met rasis nan mòg, twòp lespri anpàn.
An n bay ledikasyon timoun yo zèl,
Jista n fè l kite syèl.*

*Dispoze bon jan zouti travay pou yo.
Yo bezwen bon jan ankadreman, batay travay pou yo.
An n antere parès ak neglijan
Pou n bay ledikasyon timoun yo yon chans.*

